

Kesyon Yo Poze Souvan (Frequently Asked Questions, FAQ) sou Seksyon 610 pou lokatè yo (Haitian Creole)

Seksyon 610 la ye?

Seksyon 610 Lwa sou Finansman Lojman Prive (Private Housing Finance Law, PHFL) se yon nouvo lwa ki pèmèt pwopriyetè pwojè lojman abòdab yo ki gen asistans pou lokatè oswa ki baze sou pwojè kolekte tout lajan sibvansyon pou lokasyon an, menmsi li pi wo pase lwaye legal la, san li afekte kantite lajan ou dwe peye a.

Pou inite ki gen yon sibvansyon CityFHEPS, FHEPS, oswa HASA, montan lwaye a pa kapab plis pase (1) estanda peman pou gwoès inite ki elijib la oswa (2) estanda peman pou gwoès kay ki kalifye (kèlkeswa kantite ki pi piti).

Tanpri sonje Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services, DSS) se pa ajans ki apwouve demann 610 yo. DSS trete ogmantasyon pri lwaye legalman pèmèt dapre Seksyon 610 yon fwa demann Seksyon 610 la apwouve.

Ki sibvansyon Depatman Sèvis Sosyal (DSS)/ Administrasyon Resouzimèn (Human Resources Administration, HRA) ki ka resevwa Seksyon 610?

Pwopriyetè w la ka elijib pou resevwa yon chanjman Seksyon 610 si w ap resevwa nenpòt nan sibvansyon lwaye sa yo:

- Batay k ap Mennen Kont Pwoblèm Sanzabri ak Sipleman Prevansyon Degèpisman (Mete deyò) (City Fighting Homelessness and Eviction Prevention Supplement, CityFHEPS)
- Pwoblèm Sanzabri ak Sipleman Degèpisman Familyal (Family Homelessness and Eviction Prevention Supplement, FHEPS)
- Administrasyon Sèvis VIH/SIDA (HIV/AIDS Services Administration, HASA)

Èske Seksyon 610 chanje kantite lajan lwaye mwen dwe peye mèt kay mwen an?

Non. Seksyon 610 pa pral afekte kantite lajan ou dwe peye mèt kay la.

Kisa k ap rive si sibvansyon pou lwaye m nan fini?

Si asistans pou lokasyon w lan fini pandan w ap toujou rete nan menm aptman an, pwopriyetè w la ka sèlman fè w peye youn nan kantite lajan lwaye sa yo (kèlkeswa kantite lajan ki pi piti a):

- Kòb lwaye legal ki te règlemante anvan a. Sa a se pri lwaye ki te fikse legalman pou apatman w lan anvan asistans pou lokasyon an te kòmanse; **oswa**
- Lwaye ou t ap peye a imedyatman anvan asistans pou lokasyon an te kòmanse, si li te mwens pase lwaye legal règlemante a; **oswa**
- Nenpòt pri lwaye ki pi ba pase yon akò règlemante. Sa vle di si gen akò oswa règleman espesifik ki mande pwopriyetè w la fè w peye yon montan lwaye ki pi ba, pwopriyetè w la dwe fè w peye montan ki pi ba sa a.

(Vire paj la)

Kisa mèt kay mwen an dwe fè pou jwenn yon ogmantasyon gras ak Seksyon 610?

Sa depann ki òganis k ap jere akò règleman yo a, pwopriyetè yo dwe soumèt aplikasyon yo bay:

- Depatman Lojman, Konsèvasyon ak Devlopman Vil New York (New York City Department of Housing, Preservation and Development, HPD); [oswa](#)
- Divizyon Lojman ak Renouvèlman Kominote Eta New York (New York State Division of Housing and Community Renewal, HCR); [oswa](#)
- Sosyete Devlopman Lojman Vil New York (New York City Housing Development Corporation, HDC).

Y ap fè pwopriyetè w la konnen si yon demann pou yon chanjman Seksyon 610 apwouve oswa si li pa apwouve.

Pwopriyetè a pral travay ak òganis la pou modifiye akò règleman ki enpòtan an. Se sèlman pwojè ki gen chanjman nan akò règleman ki egzekite nèt yo epi ki genyen langaj Seksyon 610 la ki kalifye pou resevwa èd pou lwaye ki pi wo pase lwaye legal sibvansyon pou lwaye a apwouve.

Pwopriyetè w la dwe ba w yon renouvèlman kontra lwaye ki gen ladann Seksyon 610 Lease Rider HCR la ki konfime yo te fè w konnen dwa w dapre Seksyon 610 la.

Aprè mèt kay mwen an fin gen yon apwobasyon pou batiman mwen an, èske mwen ka soumèt demann ogmantasyon Seksyon 610 la pou apatman mwen an bay HRA?

Wi. Men ki jan yo fè yon demann pou yon ogmantasyon Seksyon 610:

- **CityFHEPS**

Si ou gen CityFHEPS, ou ka soumèt dokiman Seksyon 610 yo sou Access HRA oswa lè w voye yon imel aplikasyon pou renouvèlman w la bay.

CityFHEPSRenewals@hra.nyc.gov.

- **HASA**

Si w resevwa yon sibvansyon HASA pou lwaye, tanpri soumèt dokiman yo bay manadjè ka w la kòm yon pati nan pake nouvo apatman w lan oswa renouvèlman kontra lwaye w la.

Tanpri sonje pwopriyetè w la pa ka resevwa ogmantasyon an jiska pwochen renouvèlman kontra lwaye a apre apwobasyon Seksyon 610 la.

- **FHEPS**

Si w resevwa yon sibvansyon FHEPS pou lwaye, tanpri voye dokiman yo nan yon Sant Aksè Benefis (BAC) oswa atravè AHRA kòm yon chanjman ka. Tanpri sonje ke yon modifikasyon FHEPS pa obligatwa pou ogmantasyon Seksyon 610 epi yo ka apwouve nan BAC ou.

Pwopriyetè a kapab tou soumèt demann lan dirèkteman nan

FHEPSrentincrease@hra.nyc.gov.

Tanpri sonje pwopriyetè w la pa ka resevwa ogmantasyon an jiska pwochen renouvèlman kontra lwaye a apre apwobasyon Seksyon 610 la.

(Vire paj la)

Ki dokiman ki nesesè pou Ogmantasyon Seksyon 610 la?

Dokiman sa yo nesesè:

1. Nouvo kontra lwaye konplètman egzekite. Ajans lan **p** ap aksepte yon kontra lwaye ak chanjman ekri alamen ki gen rapò ak Seksyon 610.
2. Kopi Amanman Kontra Lwaye New York pou Lokatè Lwaye Estabilize yo [Avi Lwaye Lwaye Stabilize pou Lokatè - Dwa Konsènan Lwaye Legal ak Lwaye Aktyèl Pi wo (RA-LR1)].

Ou ka jwenn Amanman Kontra Lwaye New York pou Lokatè Lwaye Estabilize yo nan:
<https://hcr.ny.gov/tenant-owner-forms>

3. Kopi Seksyon 610 Amanman Kontra Lwaye HCR a [Avi Lwaye Stabilize pou Lokatè yo - Dwa Konsènan Lwaye Legal ak Lwaye Aktyèl Pi wo (RA-LR3)].

Ou ka jwenn Seksyon 610 Amanman Kontra Lwaye HCR a nan:
<https://hcr.ny.gov/tenant-owner-forms>

4. Lèt apwobasyon òganis gouvènmantal la (pa egzanp: NYC HPD, NYC HDC, NYS HCR, NYS Housing Finance Agency [HFA]).

Tanpri, sonje: Yo p ap aksepte yon akò regilasyon amande olye de lèt apwobasyon an. Yon lèt apwobasyon nan men ajans gouvènè a obligatwa menm si yo te soumèt yon akò regilasyon amande.

5. Yon Fòm Enfòmasyon sou Sèvis Pwopriyetè a (**DSS-8q**). Fòm sa a obligatwa sèlman si sibvansyon ou an se CityFHEPS oswa FHEPS, si ou te deplase anvan 2021, epi lwaye w la pa t janm ajiste pou yon alokasyon sèvis.

Ou ka jwenn Fòm Enfòmasyon sou Pwopriyetè a nan:
[https://www.nyc.gov/assets/hra/downloads/pdf/cityfheps-documents/DSS-8q-\(E\)-FILLABLE.pdf](https://www.nyc.gov/assets/hra/downloads/pdf/cityfheps-documents/DSS-8q-(E)-FILLABLE.pdf)

6. Si pwopriyetè w la ap soumèt demann ogmantasyon Seksyon 610 la, li dwe voye fèy kalkil Rezime Enfòmasyon sou Lokatè Seksyon 610 la (**DSS-52b**).

Si ou (lokatè a) ap soumèt demann Seksyon 610 la, Rezime Enfòmasyon sou Lokatè a pa obligatwa.

Ou ka jwenn Rezime Enfòmasyon sou Lokatè Seksyon 610 la nan:
<https://www.nyc.gov/site/hra/help/rental-assistance.page>